



Definisyon

- **Divèsite:** pratik oswa kalite kote nou pèmèt moun ki sòti nan milye sosyal ak etnik diferan, epi moun ki gen sèks diferan ak moun ki gen oryantasyon seksyèl diferan, entegre oswa patisipe.
- **Ekite:** jistis selon lwa natirèl oswa dwa fòmèl, enpasyalite, ak sa ki jis; pa egzanzp, lè tout moun reyisi pandan yo resevwa resous ki apwopriye.
- **Enklizyon:** yon pwosesis kote yo kiltive yon anviwònman ki valorize kolaborasyon, fleksibilite, ak ekite; divèsite ak ekite nan aksyon; epi ki fèt ak bon jan entansyon pou ajoute divès kalite vwa, sitou, vwa yo te fè rete an silans.
- **Aksesibilite:** pratik kote nou asire moun ki gen andikap yo ap gen posibilite pou jwenn menm enfòmasyon, angaje nan menm entèraksyon, epi pwofite menm sèvis ak yon moun ki pa gen andikap, yon fason ki efikas epi ki entegre sanpatipri menm jan an, avèk yon degre fasilite itilizasyon ki ekivalan nan yon nivo konsiderab. Moun ki gen andikap la dwe kapab resevwa enfòmasyon yon fason ki konplè, sanpatipri, epi endepandan menm jan ak moun ki pa gen andikap la.

Enpòtans pi bon pratik yo: prensip devlopman ak aprantisaj lakay timoun

- Lis sa a sòti nan Alanis, I., & I.U. Iruka, eds. avèk S. Friedman. 2021. *Advancing Equity and Embracing Diversity in Early Childhood Education: Elevating Voices and Actions*. Washington, DC: NAEYC.
 1. Edikasyon timoun piti se yon peryòd ki espesyalman gen valè epi ki vilnerab nan sik lavi moun.
 2. Chak moun – timoun, manm fanmi, ak edikatè timoun piti yo – inik.
 3. Chak moun fè pati plizyè gwoup sosyal ak kiltirèl.
 4. Aprantisaj la se yon pwosesis sosyal ki fèt anpil sou baz kilti, entèraksyon sosyal, ak lang.
 5. Langaj ak kominikasyon esansyèl nan pwosesis aprantisaj la.
 6. Fanmi yo se kontèks prensipal pou devlopman ak aprantisaj timoun yo.
 7. Aprantisaj, emosyon ak memwa konekte anpil nan rezo tretman sèvo a.
 8. Estrès toksik ak kè sote kapab deranje aprantisaj la.
 9. Nou fasilite aprantisaj timoun yo lè pratik ansèyman, pwogram eskolè, ak anviwònman aprantisaj yo konstwi sou pwèn fò timoun yo, epi yo adapte ak chak timoun sou plan devlopman, kiltirèl ak lengwistik.
 10. Pratik refleksif yo nesèsè pou kreye opòtinite aprantisaj ki sanpatipri.

Pwogram gadri yo ap travay pou ajoute yon fason natirèl pi bon lide pratik nan kesyon divèsite, ekite, enklizyon, ak aksesibilite

- Lis sa a pa reprezante yon lis konplè.
- Tout règleman nan eta yo rete aplikab.
- Fè tout pèsonèl la patisipe (ak timoun yo selon laj yo epi/oswa devlopman apwopriye) nan pwosesis devlopman materyèl anba a.
- Panse pou prepare materyèl anba a nan yon reyinyon pèsonèl avèk tout moun ki konsène yo (epi/oswa avèk timoun ki pi gran yo), apresa plastifye yo pou konsève yo epi mete yo disponib pou pase nan men tout moun epi pataje yo.
- Fè atansyon pou w pa bay timoun yo yon tretman espesyal pou diferans yo, epi pou w pa fè sipozisyon estereyotipe sou timoun yo.

Planifye

- Planifye alavans diferan kalite jounen kiltirèl pandan tout ane a, epi ajoute kilti a nan chak sal klas chak jou.
- Mande paran oswa responsab legal yo pou bay foto fanmi ak detay sou fanmi yo pou ajoute sou yon kat pou mete sou mi ki gen orijin mondyal yo.
- Chèche konnen ki kote chak non sòti ak siyifikasyon non an (nou kapab afiche enfòmasyon sa yo).
- Afiche imaj ki gen diferan achitekti ki soti toupatou nan monn nan espas devlopman mouvman oswa blòk la. Si yo plastifye, y ap dire pi lontan!
- Mete afich oswa imaj timoun ak moun ki sòti nan diferan ras, gwoup etnik, laj, sèks, idantite oswa ekspresyon seksyèl, kapasite ak oryantasyon seksyèl.
- Òganize yon fason regilye diskisyon avèk timoun yo sou divèsite kiltirèl, akseptasyon, resanblans, ak diferans ant moun yo, elatriye.
- Mete kreyon koulè ki reprezante plizyè kilti pou timoun yo.
- Mete zouti ki pou sans, atik, ak jwèt disponib pou timoun yo itilize (pa egzanp, aparèy ki elimine bri ak jwèt ki pou fè yo aktif).

Lang

- Aprann fraz moun itilize souvan tankou "bonjou, bonswa" ak "orevwa" nan diferan lang (eseye aprann omwen youn (1) pa mwa).
- Aprann lang siy.

Chante/Danse/Jwe

- Jwe mizik nan diferan lang (mande fanmi yo pou ekri pawòl yo).
- Danse sou mizik ki sòti nan diferan peyi oswa kilti (mande fanmi yo pou yo bay mizik la).
- Mande timoun yo pou mete kostim tradisyonèl yo (n ap fè sa pandan n ap pran tout prekosyon nan kesyon sante ak sekirite nan tout domèn aprantisaj).
- Jwe jwèt an gwoup ki sòti toupatou nan monn nan.

Fè manje

- Fè manje ki soti toupatou nan monn nan epi rasanble resèt yo pou pataje.
- Mande fanmi yo pou pote yon resèt ki soti nan kilti yo pou pataje avèk tout paran yo.

Liv

- Moun nwa, endijèn ak lòt moun ki pa blan (BIPOC), kominote LGBTQ+, ak moun ki gen andikap yo tout pa byen reprezante nan liv timoun yo. Etid yo montre nan liv pou timoun yo, timoun ki sòti nan gwoup ki pa byen reprezante yo gen plis chans pou wè epi li sou pèsonaj ki pa moun (tankou zannimo, dyab, kamyon oswa legim yo) pase yo jwenn pèsonaj ki sòti nan pwòp orijin yo. Lè nou chwazi liv yo nan yon entansyon ki gen divèsite, ekite, enklizyon ak aksesibilite (Diversity, Equity, Inclusion, and Accessibility, DEIA) li kapab ede timoun yo dekouvri epi kreye pasyon, kwayans, objektif ak yon volonte pou aprann. Lè nou fè efò pou chwazi liv ki reprezante divès orijin li kapab edike timoun yo epi kreye anpati pou moun ki gen eksperyans ki diferan ak pa yo a. OCFS ankouraje liv ki pran tan pou reprezante gwo divèsite ak plizyè kilti ki gen nan Eta New York la.
- N ap jwenn anba a resous anplis ki montre enpòtans yon reprezantasyon egzak ak pozitif nan liv timoun yo:
 - The Numbers Are In: 2019 CCBC Diversity Statistics - Cooperative Children's Book Center ([wisc.edu](https://ccbc.education.wisc.edu/the-numbers-are-in-2019-ccbc-diversity-statistics/)) <https://ccbc.education.wisc.edu/the-numbers-are-in-2019-ccbc-diversity-statistics/>

- What We Teach About Race and Gender: Representation in Images and Text of Children's Books | BFI (uchicago.edu) <https://bfi.uchicago.edu/insight/research-summary/what-we-teach-about-race-and-gender-representation-in-images-and-text-of-childrens-books/>
- Why Diversity in Children's Media is So Important — Psychology In Action <https://www.psychologyinaction.org/psychology-in-action-1/2020/3/5/why-diversity-in-childrens-media-is-so-important>
- Learning for Justice | Education Resources <https://www.learningforjustice.org/>
- Social Justice Books-Guide for Selecting Anti-Bias Children's Books <https://socialjusticebooks.org/guide-for-selecting-anti-bias-childrens-books/>
- Lis liv ki fèt nan objektif DEIA a:
 - Social Justice Books-Booklists <https://socialjusticebooks.org/booklists/>
 - Why It's Important for Kids to See Themselves in Books | Scholastic | Parents <https://www.scholastic.com/parents/books-and-reading/raise-a-reader-blog/why-its-important-kids-to-see-themselves-books.html>
 - Repezantasyon Enpòtan: 10 Children's Books With Disabled Characters (thinkinclusive.us) <https://www.thinkinclusive.us/post/10-childrens-books-with-disabled-characters#:~:text=10%20Children%E2%80%99s%20Books%20With%20Disabled%20Characters%201%20Mommy,All%20Wonders%20by%20R.J.%20...%20More%20items...%20>
 - Anti-Bias Education - Teaching for Change <https://www.teachingforchange.org/educator-resources/anti-bias-education>
 - the conscious kid <https://www.theconsciouskid.org/>
 - 24 Great LGBTQIA+ Books for Kids and Teens | Brightly (readbrightly.com) <https://www.readbrightly.com/9-great-lgbtq-books-kids/#:~:text=16%20Great%20LGBTQIA%2B%20Books%20for%20Kids%20and%20Teens.,Honey%20%26%20Leon.%20Juli%C3%A1n%20Is%20a%20Mermaid.%20>
 - One Step at a Time: 13 Books About Blended Families | Brightly (readbrightly.com) <https://www.readbrightly.com/books-about-blended-families/>
 - 18 Best Bilingual Children's Books To Inspire A Love Of Language (romper.com) <https://www.romper.com/entertainment/best-bilingual-childrens-books>

Ide pou lidè yo

- Lis sa a sòti nan Alanis, I., & I.U. Iruka, eds. avèk S. Friedman. 2021. *Advancing Equity and Embracing Diversity in Early Childhood Education: Elevating Voices and Actions*. Washington, DC: NAEYC.
 1. Anplwaye epi kenbe yon pèsònèl ki angaje pou gen yon edikasyon ki kont prejije – san wete kesyon konsènan ekite, epi itilize pwotokòl entèvyou sou edikasyon ki kont prejije lè n ap anplwaye yo.
 2. Fasilite kolaborasyon – òganize orè travay pèsònèl la yon fason ki fasilite yo konstwi relasyon ak kolaborasyon atravè planifikasyon pwogram, ansèyman an ekip, ak eksperyans devlopman pwofesyonèl yo gen an komen.
 3. Angaje pèsònèl la nan yon refleksyon kritik (atik ki kont prejije, egzaminen liv pou timoun, fasilite konvèsasyon ant kòlèg yo, elatriye.).
 4. Entegre edikasyon ki kont prejije nan reyinyon pèsònèl la ak devlopman pwofesyonèl.
 5. Bay fanmi (ak pèsònèl la) opòtinite pou sosyalize; dyaloge; aprann ansanm; epi aprann pwen fò fanmi yo, konesans, ak ekspètiz timoun yo pote nan pwogram yo.
 6. Fòme yon ekip enklizyon sou ekite ki gen ladan l pèsònèl, fanmi, ak lòt moun ki patisipe yon fason dirèk nan pwogram nan, elatriye.